



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON PWOJÈ DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI ABÒDAB KI KOUTE 25 MILYON DOLA POU GRANMOUN AJE NAN KINGSTON

Landmark Place kreye 66 lojman abòdab pou granmoun aje ki gen sèvis sipò sou plas pou fwaye ki se ansyen sanzabri

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gran ouvèti Landmark Place, yon kanpis lojman abòdab ki koute 25 milyon dola nan vil Kingston nan Konte Ulster. Devlopman an gen 66 nouvo apatman abòdab pou granmoun aje ki gen laj 55 ane oswa plis, ki gen ladan 35 kay ki rezève pou granmoun aje ki bezwen sèvis sipò pou viv poukont yo.

"Gran granmoun aje New York yo merite aksè ak lojman ki an sekirite, abòdab, epi ki bay sipò nan katye ke yo rele lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an devwe pou abòde ogmantasyon pri lojman an ak aksyon desizif ak resous adisyonèl, espesyalman pou Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo. Devlopman tankou Landmark Place ap founi lojman abòdab, ankouraje byennèt rezidan yo, ak ranfòse kominote nou yo pou lavni."

Finisman Landmark Place konplete plan Gouvènè Hochul la pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab nan tout Eta New York. Nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè a te prezante ak reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola ki pral ogmante rezèv lojman an gras ak kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 avèk sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Landmark Place gen ladann transfòmasyon yon bilding istorik an 34 apatman estidyo, kounye a ke yo rele Landmark West, ak nouvo konstriksyon yon bilding kat etaj ak 32 apatman ki gen yon chanm, ke yo rele Landmark East.

Sit 5.6 ekta ki sitiye nan 300 Flatbush Avenue nan Kingston te kay Kingston Almshouse istorik la depi lontan. Konplete an 1874, Kingston Almshouse a bay lojman ak swen medikal limite bay rezidan li yo jiskaske li te fèmen nan ane 1940 yo. Prèske yon deseni pita, Konte Ulster te akeri bilding vid la ak reyabilite li pou sèvi kòm Enfimri Kwonik Konte Ulster (Ulster County Chronic Infirmary), epi pita biwo Depatman Sante Konte Ulster (Ulster County Health Department). Bilding lan te vid depi 2014.

Tout 66 apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Yo mete trant-senk apatman apa pou rezidan ki bezwen sèvis sipò, ki gen ladan veteran ki andikape yo. Rezidan sa yo gen aksè ak sibvansyon pou lokasyon ak yon seri sèvis sou plas ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) la epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York k ap administre li.

Sèvis yo enkli sipò pou oto-defans pwòp tèt ou, jesyon medikaman ak fòmasyon pa yon Enfimyè Pratik ki Lisansye sou plas, fòmasyon sou konpetans nan lavi chak jou, sipò devlopman konpetans, ak aktivite sosyalizasyon.

Landmark Place te devlope pa RUPCO, ki sèvi tou kòm manadjè pwopriyete ak founisè sèvis yo.

Ekipman rezidansyèl yo gen ladan anplwaye resepsyonis 24 sou 24 ak 7 sou 7, lesiv sou plas, sipè-entandan sou plas, espas jaden, pwoksimite ak wout transpò an mas, ak transpò entèn ak chofè pou ede transpòte rezidan yo nan gwo pwen sèvis lokal yo pou sèvis medikal ak avantaj yo.

Finansman Eta pou Landmark Place enkli 2.4 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; Kredi Enpo Federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki jenere 8.5 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 9.5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York la te atribye Kredi Enpo Istorik federal ak eta a k ap jenere 1.5 milyon dola nan fon pwòp. Federal Home Loan Bank nan Eta New York te bay yon sibvansyon 1.3 milyon dola epi TD Bank te bay yon sibvansyon 125,000 dola. Lòt patnè finansman yo gen ladan National Equity Fund (Fon Ekite Nasyonal la).

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Nou kontan dèske nou te kapab fè patenarya ak RUPCO ak ajans eta parèy nou yo pou bay soufle yon nouvo lavi nan Kingston Almshouse istorik la nan yon fason ki onore long eritaj sèvis piblik bilding lan. Avèk 66 kay abòdab pou granmoun aje ak veteran yo, ki gen ladan 35 ak sèvis sipò, nouvo devlopman an pral ofri yon refij pou Nouyòkè yo ka vyeyi an plas epi ak diyite nan yon anviwònman pou iv ki konfòtab epi ki angajan. Nan kad nouvo Plan Lojman sen kan Gouvènè Hochul la, n ap angaje plis resous pase tout tan pou elaji ak pwoteje opòtinite lojman abòdab pou granmoun aje yo nan rejyon Mid-Hudson ak odela."

Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare, "Lojman sipò fondamantal nan efò kontinyèl nou yo pou rezoud pwoblèm sanzabri atravè eta a, ak yon eleman santral nan bay lojman abòdab, pèmanan pou moun ak fwa ki se ansyen sanzabri yo. Konbinezon lojman abòdab ak yon varyete sèvis sipò ki disponib sou plas

nan Landmark Place pral pèmèt granmoun aje yo nan Konte Ulstè viv poukont yo epi pwospere."

Direktè pa Enterim Biwo Eta New York pou Granmoun Aje a, Greg Olsen, te deklare, "Gran ouvèti jodi a montre plis angajman Gouvènè Hochul pran pou prensip ki adapte pou moun aje yo ki satisfè bezwen lojman, sosyal, ak sipò kominotè granmoun aje yo atravè Eta New York. Modèl sa yo ede adrese abòdabilite lojman yo pandan y ap ofri resous ki nesèsè pou ede moun yo rete lakay yo pandan y ap vyeyi."

Erik Kulleseid, Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare, "Landmark Place se yon bèl egzanp pou rekonèt valè resous sivik yo ak travay an kolaborasyon pou gen yon enpak transfòmatif nan yon kominote. Lè yo itilize kredi taks istorik federal ak eta a kòm yon pati nan pwojè yo epi reyabilite yon bilding ki te vid anvan nan Vil Kingston, RUPCO demontre angajman li pou bon jan kalite opòtinite lojman pou moun nan tout nivo revni epi li bay yon modèl pou yo konsidere pou pwochen pwojè yo. Nou kontan fè pati efò sa yo."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Chak rezidan Kingston merite aksè ak yon lojman ki an sekirite ak abòdab, epi mwen fyè dèske Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ke mwen te goumen anpil pou mwen elaji a, te bay plizyè milyon dola ki nesèsè pou konstwi plizyè douzèn nouvo kay abòdab pou granmoun aje nou yo. Mwen aplodi Gouvènè Hochul ak RUPCO pou finisman Landmark Place la, epi mwen pral kontinye goumen pou jwenn chak dola sipò federal ki nesèsè pou poze fondasyon pou yon avni ki pi briyan ak ekitab nan Hudson Valley."

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Pandan n ap travay pou solisyon alontèm pou abòde kriz lojman an nan Konte Ulster, li enperatif pou nou kreye lojman ki estab manm kominote nou yo ki pi nan bezwen pandan n ap bay sèvis sipò pou adrese defi ki kache yo ki souvan pèpetre enstabilite lojman. Landmark Place fèt jis pou fè sa, asire nou ke nou kenbe vwazen nou yo an sekirite nan kominote pa yo avèk èd patnè nou yo nan RUPCO. Mwen te fyè pou sipòte pwojè sa a atravè Bidjè Eta anyèl nou an epi mwen pral kontinye goumen pou eta a. investisman nou bezwen pou pote plis lojman pèmanan nan kominote nou yo."

Johanna Contreras, Chèf Egzekitif Adjwen Konte Ulster a, te deklare, "Depi fen ane 1800 yo, sit Landmark Place la se yon kote pou pran swen kominote a. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Eta New York, Fon Ekite Nasyonal la ak RUPCO paske yo bay resous pou kominote nou an re-imaginer sa. Nouvo inite sa yo, ak ekipman yo, pral fè yon enpak pozitif sou granmoun aje vilnerab yo pou plizyè deseni kap vini yo."

Majistra Kingston Ian, Steve Noble, te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè gran ouvèti Landmark Place jodi a. Pwojè ki panse pou lavni tankou Landmark Place ede anpil moun nan yon kominote, e nou rekonesan dèske devlopman sa a te ouvri pòt li lè li pi nesèsè. Re-itilizasyon adaptif yon jwayo achitektirèl, lojman sipò pou granmoun aje ak veterinè, ak lòt inite lokasyon abòdab nan estòk lojman nou an ki ba anpil - pwojè sa

a sipòte anpil nan objektif pataje nou yo nan Vil Kingston. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Biwo Renouèlman Kay ak Kominote Eta New York, ak patnè nou yo nan RUPCO pou efò kontinyèl yo pou ede nou bay lojman ki an sekirite pou tout moun nan kominote nou an."

Kevin O'Connor, Direktè Egzekitif Jeneral RUPCO, te deklare, "Landmark Place konbine travay RUPCO pou bay lojman sipò pou moun ki pi vilnerab nou yo ak kapasite nou pou nou fè alafwa re-tilizasyon adaptif bilding istorik yo ak konstwi nouvo bilding inovan. Yon lòt fwa ankò, n ap pran yon kanpis ki te konstwi plis pase 150 ane de sa pou pòv yo epi n ap asire kanpis enpòtan sa a pral bay lojman abòdab ak sipò jiska 22èm syèk la!"

Direktè Jeneral Fon Ekite Nasyonal la, Emily Chen te deklare, "Nan Fon Ekite Nasyonal la, nou fè efò pou nou bay solisyon inovan, elaji kreyasyon ak prezèvasyon lojman abòdab ak sipò. Nou enspire pa patnè nou yo nan RUPCO ak devouman yo pou sipòte popilasyon vilnerab yo ak amelyore kominote yo. Landmark Place se yon devlopman kreyatif ak inik ki melanje prezèvasyon istorik ak nouvo konstriksyon pou bay egzakteman sa kominote a bezwen."

Keith Nisbet, Chèf Community Capital Group, TD Bank, te deklare, "TD Bank fyè dèske li te fè patenarya ak RUPCO pou bay granmoun aje nan kominote a yon kote ki an sekirite ke yo ka rele lakay yo. TD Bank ap chèche opòtinite pou kolabore pou adrese pwoblèm k ap grandi nan lojman abòdab."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418